



Pou Piblikasyon Imedya: 25/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LAJAN NAN PÒCH OU: GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN SENK NOUVO LWA POU PWOTEJE KONSOMATÈ YO EPI PÈMÈT YO EKONOMIZE LAJAN

Lejislasyon S.932D/A.4667B rann li pi fasil pou anile kontra klèb sante yo

Lejislasyon S.4778/A.7167 entèdi frè ki pa nesesè pou machin yo lwe yo

Lejislasyon S.8182B/A.7939B mande pou telemaketè yo bay enfòmasyon nan premye 30 segonn apèl la

Lejislasyon S.509B/A.28C mande pou restoran yo poste nòt enspeksyon sanitè sou entènèt

Lejislasyon S.8880A/A.1010B entèdi obstriksyon enfòmasyon sou medikaman pou pwodwi OTC yo

Gouvènè Kathy Hochul siyen jodi a yon pake lejislatif ki fèt pou pwoteje konsomatè yo ak pèmèt yo ekonomize lajan. Lejislasyon S.932D/A.4667B mande pou klèb sante yo aksepte anile yon adezyon nan 10 jou ouvrab apre yo resevwa avi sou anilasyon an. Lejislasyon S.4778/A.7167 entèdi yo enpoze sèten frè nan ekspirasyon yon tèm sou yon lokasyon veyikil a motè ki konstitye frè administratif, frè biwo oswa frè pou manitasyon. Lejislasyon S.8182B/A.7939B mande pou telemaketè yo bay kèk enfòmasyon nan premye 30 segonn yon apèl ak divilge kèk adrès nan kominikasyon alekri bay kliyan yo. Lejislasyon S.509B/A.28C mande pou restoran ki ofri sèvis livrezon sou entènèt yo poste sou sit entènèt yo oswa aplikasyon mobil yo yon lyen ipètèks pou wè dènye nòt enspeksyon sanitè yo, sou sit entènèt pa yo. Lejislasyon S.8880A/A.1010B entèdi obstriksyon sou etikèt pou medikaman ki vann san preskripsyon.

"Nan yon moman kote Nouyòkè yo ap sibi efè devastatè ogmantasyon pri yo, li enpòtan pou m fè tout sa m kapab pou m remete plis lajan nan pòch yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk siyati pake pwojè lwa lejislatif sa a, n ap kontinye fè pwogrè nan fè Nouyòk vin pi abòdab."

Lejislasyon S.932D/A.4667B mande pou klèb sante yo aksepte anile yon adezyon nan 10 jou ouvrab apre yo resevwa avi sou anilasyon an.

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare, "Adezyon nan klèb sante yo ta dwe yon avantaj pou konsomatè yo, pa yon fado. Pwojè lwa sa a asire nou ekipe Nouyòkè yo pou yo fè pi bon chwa pou sante ak byennèt yo san yo pa bloke nan kontra ki pa satisfè bezwen yo ankò. Lè nou agrandi opsyon pou anilasyon epi fè pwosesis la pi fasil, n ap defann konsomatè yo epi asire yo ka pran desizyon ki konfòm ak lavi yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon sa a."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Lè Gouvènè Hochul siyen pwojè lwa mwen an A.4667B an lwa li make yon gwo pa annavan nan modènizasyon pratik kontra klè sante yo nan Nouyòk. Lè nou agrandi metòd anilasyon pou enkli opsyon entènèt yo epi redwi delè ranbousman pou klèb sante a ranbouse kliyan yo, nou bay konsomatè yo zouti yo bezwen pou evite fado finansye ki pa nesèsè yo. Lejislasyon sa a konsène ekite, aksesibilite, ak pote opsyon anilasyon nan 21è syèk la. Mwen fyè pou m wè Nouyòk ap trase wout la pou pwoteksyon konsomatè yo."

Lejislasyon S.4778/A.7167 entèdi yo enpoze sèten frè nan ekspirasyon yon tèm sou yon lokasyon veyikil a motè ki konstitye frè administratif, frè biwo oswa frè pou manitasyon.

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "Mwen rekonesan ke Gouvènè Kathy Hochul te fèk siyen de pwojè lwa an lwa ke mwen te Sipòtè anchèf la. Premye pwojè lwa (S.8880-A/SANDERS Menm jan ak A.1010-B/Weprin) ankouraje ak pwoteje sante ak sekirite konsomatè yo li entèdi obstriksyon sou etikèt pou medikaman ki vann san preskripsyon yo. Transparans se kle nan mache a, sitou nan sa ki gen rapò ak sante ak sekirite. Dezyèm pwojè lwa (S.4778/SANDERS Menm jan ak A.7167/Solages) entèdi fè w peye yon frè restitasyon lè ekspirasyon dire lokasyon machin, baz sa a se sèlman pou frè administratif, frè pou manitasyon oswa frè biwo. Tou de nouvo lwa sa yo se pwoteksyon ki gen bon sans pou konsomatè a."

Manm Asanble a Michaele C. Solages te deklare, "Nouvo lwa ki entèdi frè ki pa nesèsè pou machin lokasyon yo se yon etap enpòtan nan abòde kriz abòdabilite Nouyòkè k ap travay di yo ap fè fas. Depans machin yo se youn nan pi gwo chay finansye pou fanmi yo, epi frè eksèsif sèlman fè li pi difisil pou jere depans sa yo. Lejislasyon sa a asire transparans nan pratik lokasyon. Li remete plis lajan nan pòch moun yo. Mwen vle remèsye Senatè Sanders ak Gouvènè Hochul pou angajman yo pran pou pwoteje konsomatè yo."

Lejislasyon S.8182B/A.7939B mande pou telemaketè yo bay kèk enfòmasyon nan premye 30 segonn yon apèl ak divilge kèk adrès nan kominikasyon alekri bay kliyan yo.

Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare, "Pèsonn pa renmen yo bonbade yo ak apèl ki soti nan men telemaketè yo, sitou lè yo eseye kache vrè idantite yo. Mwen rekonesan dèske Gouvènè Hochul dakò epi li te siyen lwa Manm Asanble Cunningham ak mwen te pase an lwa pou ede bay kèk règleman ki nesèsè pou apèl telemaketin san rete nou tout resevwa. Nou rele pwojè lwa nou an "pwojè lwa Seinfeld" apre sèn popilè

kote Jerry atake yon telemaketè k ap deranje l lakay li, paske l mande telemarketè yo pou yo bay non, adrès postal, ak nimewo telefòn moun yo fè apèl la nan non li an nan premye 30 segonn yo nan apèl pa yo. Li egzije tou pou yo divilge done sa yo sou entènèt. Menm jan Jerry deklare, poukisa yo ta dwe gen enfòmasyon nou yo si nou pa kapab genyen pa yo?"

Manm Asanble Brian Cunningham te deklare, "Eskwokri telemaketin gen efè emosyonèl ak finansye afeblisan sou granmoun aje izole yo, jèn moun k ap chèche travay ak lojman, fanmi ki gen revni fèb k ap chèche soulaje dèt, ak moun ki fè fas ak kriz pèsonèl, tankou pwoblèm sante oswa depans ijans enprevi. Seri pwojè lwa Gouvènè Hochul te siyen an lwa jodi a priyore pwoteksyon pou moun ki pi vilnerab Nouyòk yo, sitou sila yo ki gen difikilte finansye akòz ogmantasyon depans pou manje, lojman, ak depans chak jou yo."

Lejislasyon S.509B/A.28C mande pou restoran ki ofri sèvis livrezon sou entènèt yo poste sou sit entènèt yo oswa aplikasyon mobil yo yon lyen ipètèks pou wè dènye nòt enspeksyon sanità yo, sou sit entènèt pa yo.

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon sa a an lwa ki egzije sèvis livrezon sou entènèt pou montre nòt enspeksyon sanità yo. Kòm yon pati nan efò kontinyèl nou yo pou pwoteje konsomatè yo, sa pral asire aksè fasil ak enfòmasyon enpòtan sou pwòpte ak sekirite restoran yo chwazi pou yo kòmande yo, pou pran desizyon enfòmasyon sou sante ak sekirite yo lè yo kòmande manje sou entènèt."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Nòt sanitasyon restoran yo pa ta dwe yon sekrè. Nouyòkè yo, kit y ap kòmande manje pou yo pote ale oswa yo pou yo dine nan yon restoran, merite konnen si lye prefere yo an vyolasyon ak prensip sante yo. Sepandan, yo refize bay moun k ap itilize aplikasyon livrezon enfòmasyon enpòtan sa a, sa ki fè yo vilnerab fas ak kwizin ki pa respkete ijyèn yo. Erezman, pratik sa a fini jodi a – lejislasyon mwen an ki egzije aplikasyon livrezon yo poste lyen ki mennen nan nòt sanitasyon yo sou sit entènèt yo pral ekipe konsomatè yo, ogmante transparans ak diminye maladi yo pran nan manje. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou angajman li nan pwoblèm sa a, epi mwen pa ka tann pou ranfòse dwa konsomatè yo nan sesyon sa a."

Lejislasyon S.8880A/A.1010B entèdi obstriksyon sou etikèt pou medikaman ki vann san preskripsyon.

Senatè Eta James Sanders Jr. te deklare, "Mwen rekonesan ke Gouvènè Kathy Hochul te fèk siyen de pwojè lwa an lwa ke mwen te Sipòtè anchèf la. Premye pwojè lwa (S.8880-A/SANDERS Menm jan ak A.1010-B/Weprin) ankouraje ak pwoteje sante ak sekirite konsomatè yo li entèdi obstriksyon sou etikèt pou medikaman ki vann san preskripsyon yo. Transparans se kle nan mache a, sitou nan sa ki gen rapò ak sante ak sekirite. Dezyèm pwojè lwa (S.4778/SANDERS Menm jan ak A.7167/Solages) entèdi fè w peye yon frè restitasyon lè ekspirasyon dire lokasyon machin, baz sa a se sèlman pou

frè administratif, frè pou manitasyon oswa frè biwo. Tou de nouvo lwa sa yo se pwoteksyon ki gen bon sans pou konsomatè a."

Manm Asanble David I. Weprin te deklare, "Lejislasyon sa a se yon mezi enpòtan nan pwoteje sante ak sekirite konsomatè yo. Obstriksyon etikèt ak anbalaj medikaman ak pwodui kosmetik san preskripsyon ka gen konsekans grav sou sante ak sekirite. Kòm sipòtè lejislasyon sa a, mwen fyè pou m wè l te siyen an lwa, epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman san fay li pou pwoteje sante ak sekirite Nouyòkè yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)